Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого хур.
Инхоса ГIали-ХIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 38-40 (7021-7023) 13 ноябрь 2026 с. Рузман Жумадул ахир 1448 с. Багьа - эркенаб

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

Гъалип Гъалипов: «Нилъедаса ратIалъаразул хIурмат гьаби – щивасул борч»

ЖамгIият цIунулаго хварал полициялъулазул хIурматалда – ракIалдещвеялъул хъарщи

ХIалтIулаб борч борхулаго гIумруялдаса ратIалъарал полициялъул хIалтIухъабазул хIурматалда ракIалдещвеялъул хъарщи рагьиялъул тадбир тIобитIана Бакълъул районалда. Гьенир гIахьаллъи гьабуна муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповас, гьесул заместитель МухтарахIмад АхIмадовас, Россиялъул бакълъулазул мухъалда бугеб ОМВДялъул нухмалъулев МухIамад Нажуевас, районалъул прокурор Юсуп ГIалиевас, гьесул заместитель ГIумарасхIаб Рамазановас, абадияб рокъоре арал полициялъулазул гIагабожараз, хIурматиял гьалбадерица.



КIалъазе вахъарав МухIамад Нажуевас абуна ракIалдещвеялъул хъарщи рагьи кIвар цIикIкIараб иш бугин. «Гьаб хъарщи цо ракI бакъваялъул гIаламат гуро, гьеб буго нилъер ракьцоязул, пишацоязул гьунар, бихьинчилъи ва тIадаб борч борхизе букIараб гъира ракIалде щвезаби.

Жакъа нилъеца гIумруялде бахъинабулеб буго гьезул иш, кидаго кIоченаро жамгIият цIунулаго гIумруялдаса ратIалъарал. Гьезул хъизанагьлуялъе гьарула сабругун халатаб гIумру. ТIадаб борч берцинго жавабчилъиялда борхизе гъира бугел гIемерлъаги нилъер районалда. РакI-ракIалъулаб баркала буго ракIалдещвеялъул хъарщи рагьизе квербакъаралщиназе. Гьарула щивасе сундулъго цебетIей ва икъбал», - ян абуна Нажуевас.

Тадбиралда гIахьаллъараздехун кIалъай гьабуна муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповасги. «Нилъедаса ратIалъаразул хIурмат гьаби – щивасул борч. Ракьцоязул парахалъи цIунулаго гIумруялдаса ратIалъарал ракIалда чIей – сахавалъи. КIудияб баркала буго цадахъ хIалтIула рукIаразул хIурматалда гьаб тадбир гIуцIиялъулъ гIахьаллъаразе.

Хваразе гьарула алжан, чIагоязе – жидеда тIадал ишал тIураялъулъ тавпикъгун икъбал. Бажараги щивасда пайдаяллъун, ракьцоял чIухIулеллъун рукIине»,- ян абуна Гъалиповас.

Данделъиялда гьединго гIахьаллъана МелъелтIа росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабиги, гьез пасихIго рикIкIана бахIарзазда хурхарал кучIдул, хIалтIулъ бергьенлъаби гьарана полициялъул киналго вакилзабазе.

«Гумбет»
ннформациялъулаб гIуцIи

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

Армиялде гIолилал ритIи, кьиндаллъиялде хIадурлъи

ТIолгороссиялъул проектазулъ гIахьаллъиялъулги бицана

Муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповасул заместитель МухтарахIмад суалал рорхараб данделъи АхIмадовасул нухмалъиялда гьоркь кIвар бугеб тIобитIана араб анкьалъ. Аслиял суалазда гьоркьоса цояблъун букIана армиялде гIолилал ахIиялъул иш къиматаб даражаялда тIобитIи.



Гьеб суалалда тIасан кIалъай гьабурав районалъул бетIерасул заместитель Сайпилав МухIамадовасул ргIабазда рекъон, бихьизабураб план районалъ тIубан буго. Гьединго бакълъулазул администрацияда бицана кьиндаллъиялде хIадурлъиялъул, кьищни-къул базе контейнерал хIадур гьариялъул.

«ТIолгороссиялъул «Служение» абураб премиялъулъ гIахьаллъизеги рес буго нилъее. Гьеб ишалдеги кIвар кьезе ккола. Иргадулаб нухалъ лъазабулеб буго нужедаго тIадал ишал жиндир заманалда ва лъикI тIуразе хIаракат бахъе»,- ян абуна МухтарахIмад АхIмадовас дандеруссиналъул ахиралда.



«Гумбет»
информациялъулаб гIуцIи